ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№22 (21.930) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 9, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Зэдэарэзыуэ къащтэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ республикэм и Парламентым зыхуигъэзащ.

АБЫ ТЕУХУА зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и Аппаратым ди республикэмкІэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр, КъБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм, Суд Нэхъыщхьэм, ХэхакІуэ комиссэм, Жылагъуэ, Къэзыпщытэ-Къэзыбж палатэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ унафэхэр зезыгъакІуэ я Іуэхущ1апІэхэм я Іэтащхьэхэр, политикэ партхэм, творческэ союзхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр.

КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар зэІущІэр къызэІуихыу къыхалъхьэ Іуэхугъуэр игъэбеджьла нэужь, Президентым зэпхьрихащ нэгъабэ нэхъыщхьэу зытрагъэщІа унэтІыныгъэхэр.

Абы кьызэригъэлъэгъуамкІэ, Урысей Федерацэм и дэнэ щІыпІи хуэдэу, нужырей илъэситІыр республикэм и дежкІэ гъэунэхуныгъэшхуэу щытащ.

- Дунейпсо финансэкономикэ кризисым и зэранкІэ, ди лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэ куэд хэтлъхьэн, дыубзыхуахэм щІэрыщІэу дыхэпльэжьын, нэхъ жэуапльныгъэ хэлъу Іуэхум дыбгъэдыхьэн хуей хъуащ. Арами, гугъуехьхэм щхьэкІэ къэмынэу, республикэм и экономикэм и ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм нэгъабэ зэпІэзэрыту зедгъэужьащ, ипэ ита ильэсым елъытауэ зэхъуэу хуэдэ 1,6-кІэ нэхъыбэ къытІэрыхьащ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.-Предприятэшхуэхэмрэ курытхэмрэ я финанс Іуэхуэхэр хъарзынэу зэтеуващ, промышленнэ ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм я индексыр проценти 103,6-м нэсащ. МэкъумэшхэкІхэр къэлэжьыныжьмкІэ КИФЩІ-м и адрей куейхэм я деж бжьыпэр щытІыгъщ.

Президентым къызэрыхигъэщамкІэ, нэгъабэ яІа ехъулІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-м и каскадым и етІуанэ чэзур ухуэн зэраухар. Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым электрокъарууэ къыщагъэсэбэпым и процент 50-м нэблагъэр дяпэкІэ республикэм къыщалажьынущ. Экономикэмрэ социальнэ ІэнатІэхэмрэ зегъэужьыным я мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу халъхьэм хэхъуащ, инвесторхэм щытыкІэфІ къыхуэзрагъэпэщащ. Республикэм щагъэхьэзыращ япэ игъэщыпхъэ, социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ инвестицэ проектхэр. ВРП-м 2009 гъэм елъытауэ проценти 3,5-кІэ хэхъуащ икІи сом мелард 74,1-м нэсащ.

Республикэм и Унафэщ1ым Парламентым Зэрызыхуигъаэзм кууэ щызэпкърихащ псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ Іэнатіэ псоми нэгъабэ я Іуэхуэхэр зыхуэдэр икІи мы гъэм властым и къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейуэ къиулытэхэр щигъэнэГъащ.

Къызэхуэсахэр зэІущІэм и кІэухым хэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Парламентым Зэрызыхуигъэзамрэ 2010 гъэм КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэр зыхуэдам теухуа отчетымрэ я Іуэхуэ кІэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэм и решитель.

Абы щыубзыхуа Іуэхугъуипл1ри зэдэарэзыуэ къащтащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Хабзэхэм халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм щыхоплъэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар иригъэкІуэкІащ. Абы и пэщІэдзэм Парламентым и Унафэщ1мрэ Президиумым хэтхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1м и къуэдзэ Саенко Татьянэ ехъуэхъуащ абы «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр къызэрыфІащам къыхэжьыу.

ДЕПУТАТХЭМ яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр щекІуэкІынур. Пленар зэІущІэр мазаем и 25-м зэхуагъэсынущ.

ЩыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмрэ щыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ я ІуэхухэмкІэ комитетым и унафэщІ **Берд Хьэзрэталий** зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ «Языныкъуэ щыху гупэхэм псэупІхэр щахуэзи папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм пщІэншэу щы Іыхьэхэр щетыным и Іуэхухэ» КъБР-м и Парламентым и депутат Чеченов А.А. къыхилъхьа законопроектым. УФ-м и Щы кодексым и 28 статьям и пункт 2-м, 38 статьям и пункт 2-м тету, а документым къыщыгъэльэгъуащ псэупІхэр тращыхьыныр папщІэ къэрал, муниципальнэ мылъкум хигъэзыгъэ щыхьэ щыгъуэ щыгъэнэ щыхуэхэм зэрыратыр щыкІэр.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ экономикэм и ІэнатІэм пыщІа законопроект зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ инвестицэ лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым и гуэдзэным зэхъуэкІыныгъэхэр хэзыльхьэр. Экономикэ политикэмкІэ, мылъкумрэ хьэрыкІуэ Іуэхуэмкіэ комитетым и унафэщІ **Марьяш Иринэ** зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2030 гъэм нэсыху зэрызыужьыну стратегием и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ курорт-рекреацэ комплексыр. Мы Іэнатіэм ехьэлІауэ зэхальхьа инвестицэ проектхэр гъэзэщІэгъуэфІэкъым. Абы къыхэкІыу апхуэдэ проектхэр пхыгъэкІыныжьмкІэ къэралыр дЗэпыкъуэгъу хъун хуейщ. Ауэ абы пыщІа лэжьыгъэхэр законым щыгъуэу къащта списокэм къыщыгъэльэгъуакъым, абы къыхэкІыу зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІаХэр а дафтэрым халъхьэжьын хуей хъуащ. Апхуэдэу экономикэ политикэмкІэ, мылъкумрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ комитетым инвестицэ налог кредитыр зэрат щыкІэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ, игъэхьэзыращ «Инвестицэ налог кредитым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектыр. Республикэм и щІыналъэм жармыкІэхэр къыщыдэзыгъэпэщэм хуагъэувхэр егъэтэмэныж «Жармыкіэхэр къызэрызрагъэпэщым и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым.

Экологиемрэ щыІэпсыр къэгъэсэбэпымкІэ комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор** Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «Дыдэрыбауэ хьэуар хьумэным пыщІа языныкъуэ Іуэхуэхэм ятеухуауэ» Парламентым и депутат Чеченов А.А. къыхилъхьа законопроектым. Абы къегъэув КъБР-м и щІыналъэм дызэрыбауэ хьэуар щыхьумэным пыщІа Іуэхуэхэр зэрызэблагъэкІ щыкІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. Къапщтэмэ, пыухыкІауэ еубзыху къэрал, производствэ, жылагъуэ кІэлъыплъныгъэхэр а Іэнатіэм зэрыщрагъэкІуэкІыр.

Абыхэм къадэкІуэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Ветеринарием и Іуэхукіэ», «Егъэджэныгъэм и Іэхухкіэ», «КъБР-м щыпсэу щыху гуп щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дЗэпыкъуэгъуэ зэрыратым и Іэхухкіэ» республикэ законхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Ахэр тещІыхьащ республикэм и хабзэ мардэхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыжьыным.

Ищхьэкіэ къыщыгъэльэгъуа законопроект псори, абыхэм зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыжа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм къыщыхалъхьэнущ.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Шыхьалы Заирэт** къыпсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ къащтащ Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Янтарнэ къуажэ жылагъуэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Гриценкэ Еленэ Иван и пхъум, КъБКъУ-м и профессор, «Производствэм автоматизацэмкІэ и технологиехэр» кафедрэм и унафэщІ Ехьулі Мартин Мухьэмэд и къуэм, КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым и кафедрэм и доцент Атаев Павел Леван и къуэм, КъБКъУ-м «Производствэмрэ автоматизацэмкІэ и технологиехэр» и кафедрэм и доцент Партыжь Руслан Мухьэмэд и къуэм КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхыльыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хнубыдэу депутатхэр едэІуащ «КъБР-м ис льэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» докладым.

Зэ1ущ1эм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым.**

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Мельников В.В. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи ильэс куэд хъуауэ хьэлэду зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщын **Мельников Владимир Владимир и къуэм** - «Глория Джинс» корпорацэ» акционер обществэ зэхуэщІам и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 1-м №12-УП

Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм хагъэхьэным и кандидатурэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм и полномочиехэм я пІалъэр зэрирухым къыхэкІыу икІи «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхъныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ къыззгъэпэщыныжьмкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 2І статьям ипкъ иткІэ, **унафэ сощІ:**

1. Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм хагъэхьэн папщІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым **Шапиев Сиябшах Магомед и къуэм** и кандидатурэр хуэгъэхьэгъуэн.

2. Мы Указым кьару егъэуІ Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 2-м №15-УП

Жылагъуэ советым и зэхуэс

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и деж щыІэ Жылагъуэ советым гъатхэ сессием хиубыдэ и япэ зэІущІэр иригъэкІуэкІащ.

АБЫ кьыщащтащ 2011 гъэм и япэ ильэс нькъуэм Советыр зэрыплъэжьну щыкІэр. Абы ипкъ иткІэ мы жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм пащэнущ республикэ, федеральнэ законодательствэр гъэзэщІа зэрыхьур къэпщытэным. Апхуэдэу ахэр КъБР-м и Парламентым и комитетхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъунущ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм кьыпэщыт къалэнхэр дгъэкІынымкІэ.

Жылагъуэ советым и мурадщ КъБР-м пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмрэ зэрыщагъэкІым, абыхэм зэрелэжьым нэхъри зеГъэужьыным хуэунэтІауэ Іуэхущ1апІэхэм зэфІагъэкІхэм кІэлъыплъыну.

Чеченов Ануар Жылагъуэ советым хэтхэм аргуэру ягу къигъэкІыжащ абыхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрилэр. Советым хэтхэр цІыхухэм нэхъ япэгъунэгъущ, дэнэ щІыпІи щыІэ щытыкІэм, цІыхухэм я гурыльхэм нэхъ щыгъуазэщ. Абы къыхэкІыу ахэр парламентым ящІэпыкъуфынущ зи чэзу Іуэхуэхэр япэ игъэщынымкІэ.

Иджыпсту Парламентым щыхоплъэ Советым хэтхэр цІыхухэм щахуэзэн жылагъуэ Іуэхущ1апІэ къыззгъэпэщыным.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Энергиер къыдэгъэхуэным зэщІыгъуу елэжьын

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Росэлектроника» акционер обществэ зэІухамрэ Москва къалэм зэгурыІуэныгъэ щызэращІылАщ электрокъарур тэмэму къэгъэсэбэпыныжьмрэ кьыдэгъэхуэныжьмрэ зэщІыгъуу елэжьыным теухуауэ. А документым Іэ щІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Умнаев Казымрэ «Росэлектроника» акционер обществэ зэІухам и генеральнэ директор Зверев Андрейрэ.

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМ ипкъ иткІэ, лъэныкъуитІыр зэщІыгъуу елэжьынущ энергиер нэхъ сэбэп пылъу кьэгъэсэбэпыным КъБР-м и Іуэхущ1апІэхэр хуэгъэхьэзырыным, энергие къыдэзыгъахуэ диод уэздыгъэхэр къыщІэгъэкІыным, апхуэдэ уэздыгъэхэмрэ абыхэм папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ республикэм кьегъэшэным, къарур къыдэзыгъахуэ, щІыуэпсым зэран хуэмыхъу иджырей технологиехэр зэхэлъхьэным, мы ІэнатІэм щылэжьэну ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным.

Зверев Андрей зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщІэну проектхэр иужькІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хиубыдэ щІыналъэ псоми къыщагъэсэбэпыну я мурадщ.

«ДызэрызэгурыІуам ипкъ иткІэ, дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхьым «Росэлектроника»-м и Іэщ1агъэлІхэр Налшык къэкІуэнурэ дэ зэгъусэу дытепсэльыхьынущ нэгъуэщІ Іэхуэхэм щагъэхьэзырхэм нэхърэ зыкІи мынэхъыкІэ диод уэздыгъэхэр щащІ завод республикэм щыухуэнымкІэ диІэ Іэмэлхэм», - жиІащ Умнаев Казым.

ЛъэныкъуитІыр нэхъ зыубгъуауэ икІи тэмэму зэдэлэжьэн папщІэ, зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэ зэращІылАщ «Телемеханика» акционер обществэ зэІухамрэ «НТС» акционер обществэ зэхуэщІамрэ. Абы ипкъ иткІэ, энергиер нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыныжьмкІэ, ар щыдэзыгъахуэныжьмкІэ зэфІагъэкІыну Іуэхуэхэм хиубыдэу зыхуэфащэ Іэмэпсымэхэр щызэхуахъэсыну я мурадщ «Телемеханика» акционер обществэ зэІухам.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым мазаем и 28 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ.

МазипІым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэпеЙкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Шынагъуэншагъэм теухуауэ

Москва и Домодедово аэропортым щалэжьауэ щыта террорист щІэпхьаджагъэм и зэранкІэ я кулыкъум текІын хуей хъуащ унафэщІ зыбжанэ.

Ахэр ягъэкъуэншащ я кьалэнхэр хьэлэлу зэрамыгъэзэщІамкІэ. А щІэпхьаджагъэм егъэщІылІауэ дяпэкІэ зы унафэщІи я кулыкъум трамыгъэкІыну кьалытэ.

АрщхьэкІэ мы Іуэхур иджыри иухакъым. Дыгъуасэ Къэрал Думэм щекІуэкІа «Правительствэ сыхьэтым» щытепсэльыхьащ транспортым шынагъуэншагъэр кьыщыгъэзэпэщыным теухуа Іэмалхэм.

Мин 15-м щІигъу

Москва и уэрамхэм дэтщ уэс зытхъу. Іузыш машинэ зэмылІэужьыгъуэу мин 15-м щІигъу.

Апхуэдизэ кьару зэщІагъэуІуэн хуей хъуащ кьалащхьэр зэлъыІуахьи папщІэ. Иужь махуэхэм щыхьэрым уэсыпхуэ кьыщесащ, транспортри щыхури зэримыгъакІуэу.

ФІым я фІыжхэр

Тыркум щыгъэхуащІыжащ дунейпсо университэр.

Абы хэтащ къэрал куэдым я студентхэмрэ аспирантхэмрэ. Псом нэхърэ нэхъыфІу кьыщІэкІащ УФ-м и щІалэгъэмрэ хьыджэбзэмрэ. Абыхэм медаль зэмыщхьу 38-рэ кьахьащ, етІуанэ увыпІэ зыубыдахэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ ди щІалэгъуалэм кьагъэльэгъащ спорт зэхъэзэхуэхэм мы зэманым езыхэм кьащыпэхьун дунейм зэрытемытыр. Дыгъуасэ ахэр пщІэ хуащІу Москва кьыщрагъэблэгъэжащ.

КьыкІэльыкІуэ дунейпсо университэр 2013 гъэм Кьэзан къалэм щекІуэкІынущ.

ФІым я фІыжхэр

Москва и метрополитенym и унафэщІу ягъуэ Беселин Иван лэжьэн щІидзащ.

А къулыкъур нэхъапэм зыІыгъар ягъэкъуэншащ и кьалэнхэр хьэлэлу зэрамыгъэзащІамкІэ. Льэлу тхьыл ирагъэтхри, ар «езым фІэфІу» и кулыкъум текІащ.



□Урысейм цІыху къезышэкІ и хьэуа флотыр къыщыдэрагъэпэщащ махуэщ (1923).

□Илъэс 570-рэ и пэкІэ лАщ узбек усакІуэ, къэрал лэжьакІуэ Навои Алишер (1441 - 1501).

□Илъэси 165-рэ и пэкІэ кьалъхуащ нэмыцэ инженер, конструктор, хьэрычэтыщІэ Майбах Вильгельм (1846-1929). Абы къигупсысащ «Даймлер», «Мерседес» автомобилхэм я япэ лІэужьыгъуэхэр.

□Совет режиссер, актер, педагог, РСФСР-м и цІыхубэ артист Мейерхольд Вс.Э. (1874 - 1940) кьыщалъхуа махуэщ.

ПІалъэр зыгъэхьэзырар **ШАДМУКЪУЭ Аслан.**

Унафэщ1ыр зэрахъуэкІ

Москва и метрополитенym и унафэщІу ягъуэ Беселин Иван лэжьэн щІидзащ.

Лъэпкъ Іуащъэ:

Япэ уимыщмэ, ущыным уеукІ.

ЩытыкIэ гугъу къикIыным теухуауэ

● ЗэIущIэхэр

ЗэIущIэм кIрихьэлIат КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдэ Жаным Руслан сымэ.

Ди газетым зэрытетащи, мазаем и 3-м КЪР-м и Парламентым зи мычъэзэхуэсыкIуэ Правительствэм и Унэм щриагъэкIуэкIащ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналIэ къудамэм, КЪР-м и Жылагъуэ палатэм, КЪР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, Законым тетыным, хабзэр хъумэным, жылагъуэ щынагъуэншагъэм я IуэхухэмкIэ и комитетхэм я жэрдэмкIэ къыззраугъэпэщащ зэIущIэм хэтащ республикэм и унафэщIхэр, федеральнэ, щIыналъэ Iуэхущапэхэм, къалэхэм, куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр.

ЗэХУЭСЫР къызэIуихащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщ I **Чеченов Ануар.** Абы къыхигъэщащ республикэм щытыкIэр гугъу зэрыщыхъуам къыхэкIыу, властымрэ жылагъуэ гражданинститутхэмрэ Iэмал пыухыкIахэр къагъэсэбэну терроризмым пэщIэувэн зэрэхуейр.

- Нужьрей эманым ди щхьэ къурикIуа мыгъуагъэхэм гуныкъуэгъуэ дыхэдзащ, ди республикэм терроризмыр къызыIэсын хуей щIэхъуар къыдгурымыIуэу, - жиIащ Чеченовым. - Республикэр дахэщ, хабзэ, щэнхабзэ, тхыдэ къудей зиI зыпэкъхъэр щопсэуикIи щхьэм къитIасэркъым зэкъуэшхэр зэрыуекIыжьыным дыхуэзышащ. Абы ипкъ иткIэ, набдзэгубдзашIэу дыщытыпхъэщ, ди Iущагъыр къэдгъэсэбэну, зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ тхъумэн хуейщ.

Нэрылъагъущ республикэм къыщыхъу щIэпхъаджагъэхэр къызэзыгъэпэщхэр жыжьэ къызэрикIыр. Кавказ Ищхьэрэм и закъуэкъым а гузэвэгъуэм хэхуар, атIэ зэрыщыту Урысей Федерацэмэ и щинагъуэншагъэр хъумэным, зыужьынырэ щIэпхъаджагъэр - я кIаурр здахьынур ямыгъуэтурэ щхьэрыуащ. Апхуэдэуи жылагъуэр зыIыхэхуа гуэвэгъуэм щхьэусыгъуэ хуэхуахэм ящыщщ къызэрыгуэкI щыхуэхэм ядэзжьынщ зэрызэпагъэуар. А IуэхумкIэ жэуапIныгъэ нэхьыбэ зыхь кIалэ, куей администрацэхэм я дежь зыкъом къыщынащ. Ноби, экстремизмымрэ терроризмымрэ я лъэужьыр дгъэкIуэдын папщIэ, лжьыгъэ нэхьыбэ щегъэкIыпхъэр а щIыпIэхэращ.

Зи гугъу сщIы IуэхумкIэ кIалэн нэхьыбэ зи пщэ кьыдэхуэр, зэрыгурыIуэгъэщи, хабзэхъумэ IэнатIэхэращ икIи ахэр я лжьыгъэм зэрыхэущрыуэм куэд елытагащ. Иджыпсту нэхьыбэм ягъэкъуаншэр милицэм и лэжьакIуэхэрщ, шыгъэнэшагъэр кьыззымыгъэпэщыфэхэращ. Абыхэм сарительхьэу куэд жысIэнкIым, ауэ, дыхуейдыхуэмеймэ, зы упщIэ кьоуб: сыт фхуримыкьур фи кьалэнхэр нэхьыбэ вгъэзэщIэн папщIэ? Абыхэм я лжьыгъэм жыпхъэ щхьэхуэхэр зэриIэр, эзфIагъэкI ещхьу хэIущIыIу ящI зэрымыхъум дыщыгъуазэщ. Ауэ, итIани, щIыхубэр хуитщ а лжьыгъэм кьрикIуэр эрагъэщIэну.

Иужьрей эманым республикэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм ди лъэпкъхэр кьагъэуIбжьащ. Арацкъ теоретическэ стхэри зыхуейр? Дэ нобэ дгъэлъэгъуэн хуейщ жылагъуэр дызэрызэкъуэтыр. Ди пащхьэ кьнуэ кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщщ щIыхубэм ядэлэжьэныр, ди нэIэ щIэкIахэр, нэгъуэщI зыгуэркIэм зи акъылыр ягъэутхъуэу Iэщэ къэзыщтаэ кьыдзэтегъэуыбжьыр, ди щIыхубэм щIэх-щIэхыуэр дгъэуощIэри, абыхэм я гуныкъуэгъуэхэм дыщыгъуазэщ. Дызэрыт щытыкIэ гугъуэ дыхуэзыша щхьэусыгъуэхэм ящыщу абыхэм я кьагъэльагъэу дзжьапIэншагъэр. Ари Iэмал имыIэу гъэзэкIуэжьи хуейхэм ящыщщ. Ди унафэхэр дгъэзащIэу, ди хабзэхэм дыштету дымыпкъунэ, кьытлыкьэжьА Iуэхум дэр-дэру дышIэмыльэщмэ, зыри кьыдгъэIэпыкъунукъым.

Абы ипкъ иткIэ, дэтхэнэ зыми ди кьаурри ди зэфIэкIри етхьэлIэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм яфI зыхэль Iуэхухэр дэгъэкIыным. Лъэпкъ зэмыщхь дыкъыхэкIами, зы республикэм дызэрисым дызэкъуегъэуэн. Аращи, зы гупсысэкIэм дытету зы дыдагъуэ дызэддрикIуэн хуейщ.

Чеченовым къыхигъэщащ екIуэкIэ зэIущIэм зи гугъу щащIхэр къэлытауэ, КЪР-м и цIыхубэм, УФ-м и унафэщIхэм къэIуакIэ зэрызыхуагъэзэнэр. «Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ ди лъахэм щызэтегъэувэжьынырщ ар зытеухуауэ щытынур», - жиIащ къэпсадэм.

КЪР-м и Правительствэм и УнафэщI **Меркулов Александр** псалъэ щратым къытеувыIащ УФ-ми КЪР-ми щыщIэ щытыкIэр зэремыфIакIуэм.

- БлэкIа ильэсым бадджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу 37-рэ, уIэгъэ хъуащ цIыхуи 116-рэ. Мы гъэр зэрыщIидзэр милицэм хэтщIали 8 яуклащ. Абыхэм кьагъэIыгъуэ щытыкIэр нэхьри кьызэрыгъэщIэплъэр. Законыр кьызэрымыдзэм и щыхьэтэ, террористхэр нэхьри ерыщ мэхъу, махуэ шэджагъуэм цIыхухэр яуклри щIопхъуэжь, - жиIащ Меркуловым. - Шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыныр, уеблэмэ зыужьыныгъэр зэлытар хабзэхъумэ IэнатIэхэрщ. Ауэ ахэр щIэпхъаджащIэхэм зэрапэлъэщым зэкIэ арэзы дыкьишIыркъым.

2010 гъэм бзаджащIэхэм ди республикэм мыхъумыщIагъэу 5000 щалэжьащ, арщхьэкIэ абыхэм я нэхъыбэр яхуэзэхэгъэкIакъым. Дэ кьызэрытлытэмкIэ, щIэпхъаджащIэхэм яхуэфащэ тезыр трагъэхьэу, МВД-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэр нэрылъагъуэ щытыпхъэщ. ЩIэпхъаджагъэу яIэжьым и бжьыгъэр узыгъэIейтейщ. Нэхъыщхьэу гуауэ тщыхьэр щIыху зэрауэкIырщ. ГущIыхьэщ абыхэм я дыуэщIым кьIуэу я Iыхьлыхэм я нэкIуэ уиплъэныр. Апхуэдэ кьэмыхьэн щхьэкIэ, Iуэхур зи пщэрылъхэм эуэаплъныгъэ нэхьыбэ яхэлъэу щытын хуейщ: щIэпхъаджащIэхэр псынщIэу кьагъэутырэ жэуапым ирашэлIэныр, яхуэфащэ тезыр трагъэхьэщ кьезэгъыр. Аращ щIыхубэр зыгъэIейтейри, псом хуэмыдэу иужьрей эманым гуныкъуэгъуэ хэхуащ жьыIэр: милицэм и лэжьакIуэхэм кьахъумэфиным шэч кьытесыхьэхэр машIэкъым.

Псоми ящIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым кьаухэкIахэр зэрыщыпсэур, дин зэмыщхьхэр зезыхьэхэр зэрисыр. Нобэ лъахэм кьыщыхьхуэр щынагъэущ, абыхэм яку дэлъ зэгурыIуэр кьэгъэтIэсхъэным хуэуинэтIащ.

Псоми зэрытщIэщи, зэманым кьытхуигъэув кьалэн нэхьыщхьэр терроризмымрэ экстремизмымрэ гъэкIуэдынырщ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ дэ псори хабзэхъумэ IэнатIэхэм дадэIэпыкъун зэрыхуейр, ди цIыхухэм я шынагъэншагъэмрэ мамырыгъэмрэ кьыздгъэщыкIын папщIэ. Абы ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ Iэмалхэр кьызогъэльагъэу: псом япэрауэ, езы хабзэхъумэхэм захъумэжьныр зыхуэй ауэззу кьызэгъэщыпхъэщ, абыкIэ щапхъэ ятетх хъунущ ди гуитщ з хэгъэгугъэм, ЕтуанэрауэI, милицэм и лэжьакIуэхэр а Iуэхум хуегъэджэн, я кьалэнхэр нэхьыфIу ягъэзэщIэным хуэгъэзэн хуейщ кьызэрыIуэ. Ауэ, ди лэжьыгъэмкIэ жэуап кьызэрыгъэзэщIэн папщIэ, КЪР-м щыIэ МВД-м кьыхилъхьэ сыт хуэдэ жэрдэмри КЪР-м и Правительствэм диныгьину хьэзырыщ икIи мылъкуIэ защIигъэзэнущ.

Меркуловым кьыхигъэщащ хабзэхъумэ IэнатIэхэр я лжьыгъэм зыщыхуейхэмкIэ кьызэрагъэпэщын папщIэ ахьшэ зэрыхуэхьныр. Апхуэдэуи Правительствэм и Унафэщым жиIащ Полицэм теухуауэ УФ-м кьищта законыщIэм фIы куэд кьызэрыпэжьугъэр, ауэ абы лэжьэн щIидзэху пэплъэ зэрымыхъунур, атIэ я кьару псори зэхалъхьэу Iей зигу илъхэм икIэщIыпIэкIэ япэщIэувэн зэрыхуейр.

- Мы Iуэхур кьыдэхъулIэн папщIэ щIалэгъуалэр кьыхэшэн хуейщ, - кьыпищащ Меркулов Александр. - Абы нэхъапэкIэ егупсысащ Правительствэр икIи япэ льэбакъуэр ичащ. Апхуэдэри МВД-м жыдэкъу дэлэжьэн хуейщ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэр. Кьару лъэщу кьызолъытэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр, сыту жыпIэмэ, абыхэми куэдкIэ ельытащ жылагъуэм я гупсысэкIэр зыхуэзэнур. Мыбдежьым кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Интернетым ирагъэкъуэ жыбарыщIэхэр нэхъ Iупщу, убзыхуауэ щытын зэрыхуейр, абы щыуагъэ, дыкъуекъуэу кьыбгурыIуэ гупсысэхэр хэмытын папщIэ, Iэщагъэдэ нэхъыбIхэрщ елэжьыпхъэр.

Псори дунэйкъуэ дыпэмылъэщмэ, КЪР-м и Правительствэм кьелъытэ, республикэм щыщIэ щытыкIэр зэтес щIыжьын папщIэ УФ-м и унафэщIэхэм зыхуэзэ хуейуэ - террористхэр кьэтлъыхъуэ, дгъэкIуэдын папщIэ IалъэкIэ хэтхыныжьмкIэ хуит дыкьыщIыну. Аращиауэ мащIэ гъащIэм ды-хуэжьгуэжьфыщу кьытщыхъэрхьым.

Зауэм, лэжьыгъэм, IэщIэкIэ зэщIэузэдэкъарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранэмрэ пенсионерхэмрэ я Налыщхэкъалэ жылагъуэ зэгуалъхьыгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** жиIащ зэхуэсыр щIыкIэ, зэIущIэ ебгъэ-кIуэкIкIэ, Iуэхум узэрыпэмыльэщынур, кьуалыкъуIэхэр щIыхубэм яхьыхьэн, кьуажьэхэм щекIуэкI псэукIэр зрагъэльагъун, кьуажьэдэхэм я гукъеуэхэр жрагъэIэн зэрыхуейр. Нэхъыщхьэм кьызэрилъытэмкIэ, зи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщIыкI дэжьаIуэхэр мащIэщ, кьулыкъу пэрытхэм я кьалэнхэр и кIэм нэсу ягъэзащIэркъым.

- Ди Президентыр щIалэ хьарзынэщ, - кьыпищащ Абдуллаевым. - Ар зыужьныкъуэ щыIэкъым, ауэ зыщIэхъуэпсыр зыщ - ди республикэр иригъэфIэкIуэныщрэ. Дэ абы кьрихьжьэ сыт хуэдэ Iуэхуитэ дгъэIыныщ. Дэтхэнэми ди щIэм кьыдэхуэ кьалэныр дгъэзащIэмэ, Iейм дызэрыгекIуэнур си фIэщ мохъу.

Ветераным кьыхилъхьащ Хэку зауэшхэм, Шэшэн зауэм ирагъэкIуэкIа Iуэхуэхэм щапхъэ трахыу, дызэрыхуа щытыкIэр кьызэранэкIын зэрыхуейр. Апхуэдэу Абдуллаевыр кьытеуыIащ республикэм щызэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лжьэкIэм арэзы кьызэримыщIым, ахэр щIыхубэм ядлэжьэн, я гупсысэкIэр яунэтIын, властым дэIэпыкъугъэ хуэхъуну кьыхуеджэным ерыщу иужь итын зэрыхуейр.

АджкIэпсалъэзрата Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, КЪР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Ажахъ Кьанщобий** кьыхигъэщащ хабзэхъуэ IэнатIэхэм я лжьыгъэр яубкIэ зэрыщIэкIыр. Ар зэрызэхуэхъуэ ипсэлъэхэм жаIам - жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэдэлэжьэн, властым дэIэпыкъун хуейщ икIи щытыкIэм фIыкIэ зегъэхъуэжьным я кьаруэ псори зэрырахъэлIэнур кьыхигъэщащ.

- Мыхьэнэшхъуэ иIэщ мы зэIущIэм, тщыщ дэтхэнэми ищIэн хуейм, и пщ кьыдэхуэ Iуэхум гу лъыдигьэтэжащи, - жиIащ «Алан» балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев Сурфян. -** Ди лъэпкъ зохущытыкIэхэр зэIалгъэхьэну бзаджащIэхэр нэхъапэм яужь ихьами, кьэайхьулIакъым, ауэ ицIыхубэм и мамыр пэсукIэр кьызэпыдащ, милицэм и лэжьакIуэхэм я мыгакъуэу, кьызэрыгуэкI цIыху мамырхэр хокIуадэ. Абы кьрикIуэ гуауэр зейр зы









лэгъуалэр зэкIуалIэ сыт хуэдэ щIэIущIапIэ и ныбжьыщIэхэр гъэсэныным, ущиным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ (сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, илъэс 20 хъ ухэр щ нобэ Iэщэ къэзыщтаэ узрамым дэтхэр), абыхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэри ублэрауэ зтетесэлъыхьын зэрыхуейм. Апхуэдэуи абы жиIащ республикэм и мызакъуэу, Урысей псом и политикэ ухуэкIэр егъэфIэкIуэн, ар кьызыхуэтыншэ щIыным хущIэкъуэн зэрыхуейр.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КЪР-м и Парламентым щиIэ кьудамэм и унафэщI **Жэрыкъуэ Борис** кьыхигъэщащ щIызэхуэса Iуэхур гугъуми, псори зэкъуэ у в э м э, зэрыпэлъэщыным шэч кьызэрытримыхьэр.

- КЪР-м и Президентыр 2010 гъ э м е т I а у а н э п I а л ъ э к I э п ы р ы у э жащ и кьудыкъум, абыкIэ арэзы хъуащ ди лъэхэгъуэхэм я нэхъыбэр, - жиIащ Жэрыкъуэм. - Абы лъандэри Iуэхуэ I куэд зэфIигъэкIащ Къанокъуэ Арсен, арщхьэкIэ кьыпэщытхэри мащIэкъым. Абыхэм ящыщу нэхъ гугъуэм и лъабжьэр жыжьэ кьыщожь. 1990 гъэхэм Совет Союзыр лъэлъэжа нэужькIэ Iущ республикэр гугъуехь щыхэхуар. Республикэ бюджетым хьхьэ зы лжьэлIэ IэнатIи кьызэIуакъым, щIалэгъуалэр зыхуей хъугъэзэнымкIэ зы Iуэху щхьэпэ зэфIагъэкIакъым. Иджыри абыхэм щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ етткIэ зэфIэкIынукъым, дэ ди нэIэ щIэдгъэтын, дадэлжьэн хуейщ гъуэгу пхэнж кьыхэзыха ныбжьыщIэхэми, кьэтхутэн хуейщ исльам диныр я тегъэщIапIэу гуп мыхъумыщIэхэм дашэха щIалэщIэхэрщ.

Школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ гъэсэныгъэ щрагъэкIуэкIыркъым щIэныгъэм акъылэгъу садэхъуркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зи кьалэнхэм яхуэзфIэкI кьагъанэркъым, ар сэ сольагъу махуэ кьэс. Щхьэусыгъуэр здэщIэр нэгъуэщI щыпIэщи, абдеж дыщыягъэлъыхьэу.

Студентхэм я Iуэху зыIутым и гугъу щищIым Жэрыкъуэр кьытеувыIащ экономикэ и лъэныкъуэкIэ республикэр гугъу нэхъ щхьэ лъэхъэнэм кьуажэм кьикI едджакIуэхэм я гъуэгупщIэр хуэатыну Iэмал зэрапэр. Иджы кьуажэдэхэм я псэукIэр нэхъ гугъу зэрыхъэ ум емыкIатауи, апхуэдэ гулъытэ гуэри зэрыхуамыщIыжьыфи. Абы упафощIхэм захуигъэзащ апхуэдэ Iэмал гуэр щыIэхэрэ, ахэращ нэхъыбэу щIэпхъаджащIэ гупхэм зыхашэр.

СызэреплъымкIэ, политикэ партхэм я пашэхэри, жылагъуэ лжьакIуэхэри, интеллигенцэри, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэри дызэкъуэту мы Iуэхум кьэжь дитын хуейщ. Арыншамэ, кьыгтлыкьуэкIа мыгъуагъэм дыпэмылъэщынкIэ шынагъэ щыIэщ. ЦIыхухэр зыщыгугъыр дэрауэ щыщIытIэ, сыт хуэдэ IуэхумкIи жэуап тхьыпхъэщ.

Сэ къызолытэ, ди дежь кьыщыхьуахэр дгъэзэкIуэжьин папщIэ, Шэшэн, Ингушэ республикэхэр апхуэдэ щытыкIэм кьыхэзгъэщIа щIыкIэхэр дыхэлIэжьын хуейуэ. Абыхэм дэ дымыщIэ бэлыхь гуэр кьагупсыкаэу аракъым, ауэ апхуэдэ щытыкIэм кьикIыфащи, я Iэмалхэм щапхъэ тетхыныр зэрэнкъым.

Iуэхур зэрекIуэкIым лъэныкъуэкIэ сыкъыщепдгу сыщысэфынукъым, абы ткIийуэ бгъэдыхьэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, дысакьыпхьэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лажьэ зимыIэ зы щIыхуми лей техьэну дыхуейкъым.

Президентым щIэпхъаджащIэ гупхэм я хъым ихуа щIалэгъуалэр зыкъащIыжу кьагъэхэжьину кьыхуригъэзэн. Апхуэдэуи республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лжьыгъэр зэгъыгъэуIу Совету ди щIыналъэм кьыщызэрагъэпэщам Iуэху купщIафIэ куэд иригъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр, щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыныкъэ дэIэпыкъугъэфI зэрыхъунуми зы кьыдзэрыгримыхьэр жиIащ. Мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм тету лъэхэр псэун щхьэкIэ хуэзфIэкI псори зэрищIэнур, сыт хуэдэ кьулыкъури зы щIыху гъащIи эзримыуасэр кьыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Зэхуэсым и кIуэцым КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдэ **Жаным Руслан** кьеджащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдэ Хлопонин Александр, КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, УФ-м и прокурор нэхъыщхьэм, УФ-м и МВД-м, УФ-м и Следственэм комитетым хуагъэхъыну ягъэхъэзыра Зэрызыхуагъаэзмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэм Зэрызыхуагъаэзмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан**
трихащ.

Лъабжьэр къыщежьэр

●Ди псэльэгъухэр

2010 гъэм жылагъуэ Іуэку инхэм ящыщ зыуэ щытащ Арщыдан къуажэр итхъ 340-рэ зэрырикъуар республикэ псом зэригъэльэпІар. Абы ирихьлІауэ Джэдгъэф Борис къыдгъэзыжащ «Арщыдан» тхылъыр. А тхылъым и хъыбар, дауи, зэхэфащ. Иджы дыхуеиГ езы тхакІуэм абы и гугъу едгъэщыжыну.

- Борис, ятІэрауэ, арщыдандэсхэр ды-зыхъуэныкъуэ икІи къахъущхьэпэн тхылъыкІэ ухъыщзэрыгъуэпсам щхьэкІэ фІыщІэ пхуэзощ. Ар зэхуэхьэсыным зэманыщхъуэ зэрытебгъэкІуэдам сыщыгъуазэщ. Абы уэрелэжьам, тхылъыр дунейм къытехьэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу къыщхъухьахэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- ЯтІэрауэ, тхылъым и ужь сыщихьам, «Арщыдан» ныжьыкІэ пщыжь тІысыпІэщ: псалъэжь гъущэм фІэкІ нэгъуэщІ симыІэу щІэздзащ. ИужькІэ, Налшык и архивым къищынэмыщІа, Владикавказ, Ставрополь, Краснодар, нэгъуэщІхэм щыІэхэм хуэм-хуэмурэ сыщылажьэзурэ тхыгъэхэр къыкъуэкІащ. Къуажэм сыщыщІэпхьа итьэсхэм зэхуэсхьэсыжа хъыбарэр, ІуэрыІуатэр, тхылъэр къэзгъэсэбэнащ. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъу къыхэуэхъахэщ ди жылэм щыщ нэхъыжьыфІхэу Хьэждэгу Данил, Бахъсэнокъуэ-Хьэуэд Асхъэт, Жыгун Кургъуокъуэ, Іэрэмысэ Бэрэт, Тыркум къиІэпэхъукІыжа ди къуажэгъу Сэбаншы Нэзми, Норданым щыщ Жамболэт ТІэкъсин сымэ, нэгъуэщІхэри. Ди щІэныгъэлІхэм республикэм и къуажэкэм я тхылъэр зэхуэхьэсыжу къыдагъэкІын мурад яІэщ куэд щІауэ, ауэ а гъэжьыгъэр иджыри и кІэм нэмысами, абы теухуауэ ягъэхьэзырауэ щыІэ тхыгъэхэр, газетхэм къыпрехуауэ щІэзджыкІащ. Тхылъыр зэхуэхьэсэ нэужь, щІэныгъэлІхэм сечэнджэщащ. Псом хуэдизкІэ нэхъ садэлэжьащ Сокъур Валерэрэ Бэрэздж Барэсбийрэ. Сокъурым пщыхьэм и зэманым фІыуэ хищІыкІыу, абы елэжьауэ апхуэдэри, куэдкІэ сэбэп къыслхуэхьащ. Пъабжьэшхуэ зиІэ Къетыкъуэпщхэм иужькІэ къытепщІыкІыжаэм ящыщхэри Арщыдан дэсауэ къыщІэкІащ. Апхуэдэжщ Хьэмырзэкъ, До хъушокъуэкъ, Сосналыхъ Елбэзыдыкъуэхэ. Арщыдан пщы къуажи 4, уэркъ жылэуи апхуэдизу щыІауэ къэтхутащ. Аэр тфІэгъэщІэгъуэн хъущ, нэхъ куууэ елэжьын щІэздзэри, зэкъуэтхъэсащ. Ар щызгъэхъэзырым, Щэрдан Екъуф 1825 гъэм иригъэкІуэкІа, иужькІэ Думэн Хьэсэн къыдигъэкІыжа къыхэтхьыкІыныгъэм сригъуэзащ. Абы хэмыхуауэ, ауэ къуажэм дэсу щыта лъэпкъыкъэхэри къэдгъэуэтыжащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт тхылъыр къыщыдзэкІа «Эльбрус» тедзапІэр дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуари. Абы и планым хигъэхьэри, и редакторэ Кушхабий Жамболэтрэ сэрэ ди чэнджэщэр зэтхъэІэу, хуабжьу дыдзэгурыІуэу дызэдзэпэжащ.

- Арщыдан къуажэм и тхыдэр 1670 гъэм къыдэбжэу жыбоІэ. Ар къэхутэныр, а ІэщыгъуэкІэ урипІэжьынныр, дауи, лэжьыгъэ къыззэрыгуэкІыныр...

- Арщыданыр къуажэу щытІысыр дэ къэдгъэтхъэгъуэ 1670 гъэр арауэ аркивхэм хэлъу дыщрихьэлІакъым. Къэбгъэтхъагъуэмэ, Нэгумэ Шорэ итха «Адыгэ лъэпкым и тхыдэр» цІыхубэм къадекІуэкІ хъыбархэмкІэ зэфІигъэувэжауэ аращ. 1670 гъэм тедухэуи и пэкІэ, дэрі хъыбар, Іуэгугъэ куэд зэпэтхъытащ. Арщыдан къуажэр къыщыунэхуауэ къэдгъэльэгъуэ бжыгъэр зыІэпэмащІи зыІфІэкуэди щыІэщ. Ар зыІфІэмащІэм теухуауэ къыхэзгъэщыну сызыхуейр Арщыданым итьэс 340-рэ и ныбжьку къызэрытьытэм зэрытедмыгъэчыныхьырщ. Ауэ, 1670 гъэм щыщІэдзауэ укъызыдэбжэ хъун тхыдэ абы зэриІэм щэч хэтыкьым. А къуажэм и тхыдэр нэхъ жыжьэ къыщюжьэ жьызыІэхэми я Іуэху еплъыкІэм арэзы уемыхьуэу хъунукъым. Абы и щхьэусыгъуэри а дэ къэдгъэльэгъуэ бжыгъэм ипэжкІэ а щІыпІэм цІыху зэрыщІыпсэуар щІыпІэщхэм наІуэ къызэрытщаІыщ. Псалъэм папщІэ, Арщыдан Мэртазэ и ныгъэ цІэр зезыхьэ Іуащхьэ нІэщ. Абы хъыбар щхьэхуэ къыдогъуэгурыкІуэ. Мэртазэм щыпсэу щыпІэм Къетыкъуэкэ къэлэпхъуэ нэужь, лъэпкытІыр зэзауэри, япэрейхэр нрахуащ. ИужькІэ а щІыпІэр зрагъэбгъна Мэртазэхэ къагъэзэжакъым. Абы къетъэльэгъуэ а щІыпІэм Къетыкъуэхэ ятонкІэ Мэртазэхэр зэрисар, ауэ абы теуухуа тхылъэр аркивым дыщІэзгъэлІакъым. Ар дянэкІэ къэхутэн хуейхэм ящыщщ.

- **Жылэм Арщыдан цІэр щыІэщам, ар къызытехьэкІам ѣухуа Іуэху еплъыкІэ зэхуэмыдэхэр щыІэщ. Уэ дэтхэнэра нэхъ пэжу къэпІуатІэр?**

-ЩыпІэщІэхэм ятІэухуауэ Іуэхум убгъэдыхьэ, а псалъэм и мыхьэуэ Іуэхум щІэзгъэльэгъэ кхъэлІауэ щыІэ Іуэку еплъыкІэхэм ящыщу пыуухьІауэ зым сыкъытеувыІэркъым. Ари нобэ зэхэбгъэкІыну, къэпхутэну тынш-къым. Ауэ ар адыгэбзэ дыдэу зэрыщымытыр гурыІуэгъуэщ. Аргудан, Арщыдан псалъэхэм я мыхьэнэр, къызытехІар дяпэкІэ дгъэнэхуэну къыптпэщытхэм ящыщщ. Иджыпсту щІэныгъэлІхэми къуажэдэсхэми Арщыданыр нэхъ къагъэсэбэп зэрыхъуаи гу лъыдотэ, ауэ Аргуданыр нэхъ тэмэму къыщІэкІынщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, 1744 гъэм Чичаговым и картэм Аргуданыпсэр тхауэ къыщыгъэльэгъэщ. 1773 гъэм щыщІэдзауэ академик Польденштедт и пэжыгъэхэми Аргуданыр къыхощ. Аращи, Арщыданым а зэманхэм зэрыкъуэкІыжам икІи тхытхъэм нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр Аргуданырщ. А псальэтІри зэгъэусэу къэбгъэсэбэпыныр къемызэгъыу, зым теухуэн хуейуэ къызолъытэ.

ГъэщІэгъэнщ ар абхъазхэм я ІуэрыІуатэм тыщІауэ щытыкІэ зэрыхъунр. Абы я эпосым къыхощ АкунДэ «дахэ» гъэ зэдкэр. Ди нарт эпосыр зэхуэзыхьэсыжа Къардэнгъущ Зырамыкъ итхъжа хъыбарэхэми хэтщ Аргуандэ дахэр. КъищынэмыщІауэ, Аргун, Аргуанэ, Аргуандэ щІэкэри щыІэщ. Аэрэри ди нарт ІуэрыІуатэми къыхощыж. Абыхъэм епхауи щытыпкІэ хъунущ.

А Іуэху еплъыкІэм осетинхэри кІэщожьу. Ар къызытехъуКІыжар щыхуэбзыщІэрауэ нэхъ трагъащІэ.

- Тхыдэм фІыуэ ущыгъуазэмэ, абы дерс къыхэпхыфынущ. Арщыданым зиужьын щхьэкІэ, тхыдэм и сыт хуэдэ Іуэхугъуэ къэбгъэщІэжьи хуэнтьытэр?

- ПэгъэщІ къуажэхэми ещхьу, Арщыданым и куэлеигъэ нэхъыщІхьэр зыт ес щІыращ. Нэхъ пасэм Лениным и цІэр зэрихьэу мыбы иІа колхозым и тхылъэфІым, абы и лэжьакІуэ Іэкіуэтьакіуэхэм къуажэр щэрыІуэ ирихьуауэ щытащ. Сыт къызыхэкІар нэхъхозым апхуэдэ екъуІэныгъэ зыІэригъэжьэныр? А зэманым щыІа щІалэгъуалэр лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ сытыт? Абы куэдым урегъэгупсыс. Жьыпэм дэсыр зэхуэсу зэрызэдзэлэжьну щыкІэр яубзыхуныр, хъер къыппыкІыу щІыр зэрыщэзрахьэным тепсэтыхьхьыныр нобэрей зэманым къиГэуэ Іуэхугъуэшхуэу къызэІыхьыгъэ. Сэ сызэрепІыныжкІэ, колхоз иджыпхуэхуэжьныкъым, ауэ щыр нэхъ щІэныкъуэ зэрыщытам хуэдэу, ауэ нэгъуэщІ щыкІэу дзеИуэ зэгуэхьуэр. Си гугъэмкІэ, абы екъэлІауэ зэчэнджэщмэ, къуажэдэсхэм я Іуэху еплъыкІэр къалъытэмэ, Іуэхуэр нэхъ кІуэтэнущ. ЩІалэгъуалэр лэжьапІэ ІэнатІэ ІутыпращІ псом и щхьэр.

Къуажэ, район, республикэ унафэщІхэм Іуэхуфі куэд зэфІах, ауэ псом япэр щІалэгъуалэр мыІуэхуншэныщ, жылагъуэхэм зрагъэжьныщ.

- Нэхъапэм къыдэкІауэ щыта «Арщыдан» тхылъ щыкІуэмэ иджыри мэхъу хъунущ.

- Зи гугъу пщІы тхылъыр Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт и жэрдэмкІэ къыдэдгъэкІауэ щытащ. ЩІалэ зыбжанэ делэжьат абы. Мэлбахуэ Тимборэ ар щыдгъэхьэзырым унафэ къыпхуищІат щыкІэм и зэманыр нэхъ мащІэу, реновацыэм и пІэхъэпэнэр нэхъ куууэ къэдгъэльэгъуэжьыну.

А тхылъым зэпыщІэныгъэ яІэщ, ятІэрейр иджыпсти ІыбжькІэ хуэхъуауэ жьыпІэмэ щыІэ. Пэжщ, дунейм къытехьа тхылъыщІэм къуажэм и тхыдэр нэхъ убгъуауэ къыщыдгъэльэгъуэжащ. ЯтІэрей тхылъым щхьэкІэ пщыхьэм итуауэу зэгъэхьэзырауэ щыта, абы хэмыхуа тхыгъэ куэд иджыпсти хэзгъэхьажащ.

- Борис, нэхъапэм зызыхуэдгъэза, уи «Аргудан» тхылъым и рецензент, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Бэрэздж Барэсбий къыхэгъащІ ущыгуи ущысри етауэ итхъэ зыбжанэ лэжьыгъэ зэпщІэнкІа тхылъыр. къызэрокъуІар. Уэ ущыгу хуэзэгъа тхытхыжм?

- ЗэрытщІэщи, тхылъ къыдэзыгъэкІэжа а лэжьыгъэ гугъур щыІэныгъэншэу е гугъэзагъэу къыщыдэхъуІар зэзэмызэкэщІ. Тхыдэм щыщ Іыхьэ гуэркъэм сигу хуэзэгъакъым. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуари архив тхыгъэхэр къыззэрызэмэщІэкІарщ. Къетыкъуэпщхэм я къэкІуэкІыкІам и кІэпэпъпэгъ фІэкІ зэрыщымыІэр и щхьэусыгъуэщ а Іуэгугъуэр сызэрыхуейм хуэдэу къыззэрызэмыхъуІам.

Лэжьыгъэшхуэ щыбгъэхъэзыркІэ, абы сыт хуэдизу набдзэгубзаплъэу укІэлъымыплъми, бетэмалу щыуагъэ щыпІэщІэкІ урокъэлІэ. Апхуэдизу, псалъэм папщІэ, тхыгъэр тезыдзэм унэцІэхэм я тхыкІэм теухуауэ щыуагъэ ІэщІэкІахэр. Псалъэм папщІэ, Щад унэцІэр Шату, КНДР-р КНР-у щыкІуэ къызэрыхьуар, Іуащхьэм и лъагагъ къэдгъэльэгъуамкІи щыуагъэ тІэщІэкІащ. Тхылъым зи цІэ зезыхьэ щІэщІтІэ, дызытепсэлъыхь псомрэ я суэрэхэри къыщыхтхуэхьакъым. Ауэ, зыгуэркІэ дыхунэсрэ, тхуззэфІэкІрэ тхылъыр щІэрыщІэу къыдэдгъэкІыж хъумэ, щыщІэныгъэхэр дгъэззэкІуэжыну ди мурадщ.

Аращи, тхылъыр зэрыщыгъу сызэрыхуейм хуэдэу къыхэзгъэкІуэн къэхутыгъакъым, ауэ щэнныгъэлІхэм, щІэджыкІакІуэхэм, щІэблэм абы зыхуагъаззэрэ щІэ гуэр кьыщагъэтмэ, ар зыгуэркІэ кІахуэщхьэпэмэ сэркІэ куэд и уасэщ.

- Упсэу, Борис, Ди фІэщ мэхъу а тхылъым хуэфащэн щІэ зэрригъэутынур, щІэдгъэхэм зэІэпах зэрыхъунур.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

●Хьэршым ятэу цІыху зэрылъатэрэ итьэс 50 щрикъум ирихьэлІэу

Гагарин Юрий и гъащІэм и къекІуэкІыкІар

Гагарин Юрий Алексей и къуэр 1934 гъэм гъатхэпэм и 9-м РСФСР-м и Къухьэпэ областым хыхьэ Гжатск районым щыщ Клушинэ къуажэм къыщалъхуащ. МэкъумэшыщІэ унагъуэм кхыхэкІащ.

ЮРИЙ и сабиигъуэр Клушинэ щигъэкІуащ. 1941 гъэм фокІадэм и 1-м щІалэ цІыкІур курыт школым щІэтІысхьащ, ауэ жэпуэгъуэм и 12-м къуажэр нэмыцэхэм яубыри, абы и еджэныр къызэпуудащ.

Илъэсрэ ныкъуэм нэблагъэкІэ нэмыцэдзэр я къуажэм дэтауэ, 1943 гъэм ар Дзэ Пльыжьым фашист зэрыпхъуакІуэхэм къалэщІикъжащ икІи еджапІэми лэжьэн щІидзэжащ.

1945 гъэм Гагаринхэ я унагъуэр Гжатск Іэпхъуащ. 1949 гъэм и накъыгъэм абы дзт школым еханэ классыр къыщиухури, Юрий щІэтІысхьауэ щытащ ІэщІагъэ щызрагъэгъуэту Люберцы дэт училищэм. Абы къыдэкІуэу пщыхьэщхьэкІэрэ школым кІуэуэрэ ебланэ классыр къиухащ. 1951 гъэм абы фІы дыдэу училищэри къиухащ, гъущІ зыгъэткІу ІэщІагъэр иІэу.

А гъэ дыдэм Гагариныр Саратов дэт индустриальнэ техникумым щІэтІысхьащ икІи 1954 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м япэ дыдэу кІуауэ щытащ Саратов аэроклубым. 1955 гъэм екъуІэныгъэ мымащІэ зиІэригъэхьащ Юрий - абы еджэныр фІы дыдэу къиухащ, апхуэдэуи япэу и закъуэу ЯК-18 кхъухьлъатэмкІэ уэгум зыщиІэтащ. Аэроклубым зыщигъасэурэ Гагариныр 196-рэ льэтащ икІи сыхьэт 42-рэ дакъикъэ 23-кІэ уэгум итащ.

1955 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м Юрий дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ икІи Оренбург дэт, дзэкхъухьлъатэ Іуэхум щыхурагъаджэ 1-нэ училищэу Ворошиловым и цІэр зезыхьэм ягъэкІуащ. Ар щеджащ а лъэхъэнэм кхъухьлъатэзехуэ цІэрыІуэу щыта Акбулатов Яндар дж. 1957 гъэм а училищэри фІы дыдэу къиухащ Гагариным. МиГ-15бис-м ису илъэситІкІэ абы къулыкъу щищІащ Ищхьэрэ флотым и 122-нэ истребительнэ дивизэм и 169-нэ кхъухьлъатэ полкым. 1959 гъэм и жэпуэгъуэм ирихьэлІэу Юрий сыхьат 265-рэ Іэ уэгум къыщильэтыхьат.

1959 гъэм Юрий унагъуэ хъуащ - абы Горячевэ Валентинэ къишащ.

А илъэсым дыгъэгъазэм и 9-м Гагариным лъэІу итхащ космонавтхэр щагъэхьэзыр гуныт хагъэхьэну. Зы тхъэмахуэ нэхъ дэмыкІыу ар Москва ираджащ и уэзыншагъэр зыхуэдэр къахутэну. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым и пэщІэдзэми дохутырхэм абы и узыншагъэр иджыри зэ къапщытэжри, лейтенант нэхъыжь Гагарин Юрий хьэршым лъатэ хъуну къалъытащ. 1960 гъэм гъатхэпэм и 3-м ВВС-м и командующэ нэхъыщхьэ Вершинин Константин и унафэкІэ, хьэршым лъэтэфыну къалъытэхэм хагъэхьащ Юрий.

1961 гъэм мэлыжьыхым и 12-м дуней псом щыяпэу Байконур космодромым «Восток» къуэхьым зыщыІэтауэ щытащ, Гагарин Юрий иСу-А Іуэхум зырегитащхуам, къигъэльэгъуа хахуагъэм папщІэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и Лыхъужь цІэ лъапІэр. 1962 гъэм щегъэжьауэ Космонавтыкэм и махуэр Гагариныр хьэршым щылъэта мэлыжьыхым и 12-м ягъэльапІэ Іуащ.

1966 гъэм Гагариныр хахащ Астронавтикэм и дунеипсо академием щІыхь зиІэ и члену, 1964 гъэм къэралым и космонавт гупым и унафэщІу ягъэуващ.

1968 гъэм мазаем и 17-м Юрий и дипломэ лэжьыгъэр екъуІэныгъэкІэ щыпхигъэкІащ Дзэ-хьэуа инженернэ академием икІи Гагариным «кхъухьлъатэзехуэ-инженер-космонавт» ІэщІагъэм ирилажьэ хъуну къалъытащ. Юрий СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ.

1968 гъэм гъатхэпэм и 27-м ар Владимир областым хыхьэ Киржач районым хиубыдэ Новоселовэ къуажэ цІыкІУм деж щыхэкІуэдауэ щытащ, кхъухьлъатэм и лъэщагъыр кІыпщытэну уэгум ихьауэ. Ар Ут Плъыжьым, Кремлым и быным дэж щыщІалъхуащ.

ЦІэ лъапІэхэр:

♦СССР-м и Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт (1961 гъэ, мэлыжьыхым и 14)
♦Совет Союзым и Лыхъужь (1961 гъэ, мэлыжьыхым и 14)
♦Чехословакие Социалистическэ Республикэм и Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь (1961 гъэ, мэлыжьыхым и 28)
♦Болгарие ЦІыхубэ Республикэм и Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь (1961 гъэ, накъыгъэм и 23)
♦ Вьетнам Демократие Республикэм и Лэжьыгъэм и Лыхъужь
♦Совет Союзым и Правительствэм лейтенант нэхъыжьу щыта Гагариным майор цІэр къыфІищащ
♦Совет-кубэ зэныбжьэгъугъэ зэгуэхьэныгъэм и президент
♦«Финляндие - Совет Союз» зэгуэхьэныгъэм щІыхь зиІэ и член
♦Астронавтикэмкі.э дунейпсо академием щІыхь зиІэ и член

Орденхэр:

♦Лениным и цІэкІэ щыІэр (СССР)
♦Димитров Георгий и цІэкІэ щыІэр (Болгарие)
♦Маркс Карл и цІэкІэ щыІэр (ГДР)
♦II классым и вагъуэр (Индонезие)
♦Крест Грюнвальда» (Польшэ)
♦I нагъыщэ бэракъым налкъутнадмэс зыхэс и орденыр (Венгрие)
♦«Ожерелье Нила» (Мысыр)
♦Африкэ Вагъуэм и лентІин (Либерие)
♦«За заслуги в области воздухоплавания» (Бразилие)
♦«Плайя-Хирон» орденыр ятІэу зратар Гагаринырщ (Кубэ)

Медалхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ:

♦«Дыщэ Вагъуэ» медаль (СССР)
♦Циолковский Константин и цІэр зезыхьа «За выдающиеся работы в области межпланетных сообщений» дыщэ медалыр (АН СССР)
♦Медаль де Лаво (ФАИ)
♦Австриемрэ и Правительствэм и дыщэ медалыр
♦Италием космонавтикэмкІэ и зэныгъэныгъэм и дыщэ медалрэ щІыхь тхылъэрэ
♦Швециемрэ и пащтыхь аэроклубым и дыщэ медалрэ щІыхь тхылъэрэ
♦ФАИ-м и дыщэ медалышхуэрэ щІыхь тхылъэрэ
♦Британ зэгуэхьэныгъэм и дыщэ медалыр
♦Колумб и медалыр (Италие)
♦Сен-Дени къалэм и дыщэ медалыр (Франджы)
♦Маццотти и фондым «Лыхъужьыгъэм папщІэ» и саугъэтым и дыщэ медалыр (Итарие).
♦Гагарин Юрий Калугэ, Новочеркасск, Люберцы, Сумгаит, Смоленск, Винницэ, Севастополь, Саратов, Тюмень, Оренбург (СССР); Софие, Перник, Пловдив (Болгарие); Афинхэм (Аныдж); Фамагустэ, Лимасол (Кипр); Сен-Дени (Франджы); Тренчьянске Теплице (Чехословакие) къалэхэм щІыхь зиІэ я цІыху цІэ лъапІэр ящІащауэ щытащ. Апхуэдэуи Юрий къыхуагъэфэщащ Каир, Александриерэ (Мысыр) къалэхэм я куэбжэхэм я дыщэ ІуикІыбзэІуххэр.

ШЫПШ Даянэ.

●Узыншагъэ

Я Іуэхур йофІакІуэ

Іуащхьэмахуэ районым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІуІэщІэ кьыщащІыгъэ екІуэкІащ. Абы къыщапщытэжащ 2010 гъэм я лэжьыгъэр зэрекІуэкІар, зэфІагъэкІа-хэмрэ зыхунэмысахэмрэ.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиІэ Іуэхугъуэу дохутырхэм кхыхагъэщащ районым и цІыхухэм я узыншагъэм гупылитэ нэхъыбІэ хуащІ зэрыхъуар, абы и щыхьэтуи кьагъэльэгъуащ лІэм нэхъ р кьалъхур зэрыпэжхьыбэр.

Узыншагъэм и Іуэхущ1апІэхэм щрагъэкІуэкІ кІэлъыплъныныгъэхэм я фІагъми куэдкІэ хэхъуащ. Апхуэдэ зыужьыныгъэр зи фІыщІэр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хэту абыхэм кьаІэрыхьа Іэмэпсымэхэр нэсу кьыззэрагъэсэбэнащ. Районым поликлиникэм цІыхубзхэм щакІэлъыплъ, чэнджэщ щрат и кьудамэр, район сымаджэщым и лъхуапІэ ятеленэр, Іуащхьэмахуэ, Гундэлэн жылэжм дэт сымаджэщхэм я гинекологие пэщхэр зыхуеину ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Блэкіа илъэсым и щэкІуэгъуэ маздм Іуащхьэмахуэ район сымаджэщым и уІэщІхэр зэрахьуэкІащ. Абы текІуэда сом мелуани 5-р республикэ бюджетым кьыхэкІащ. Апхуэдэу Іуащхьэмахуэ жьыпІэм дэт сымаджэщыр хьэрычэтыщІэхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ зэрагъэпэщыжащ, абы кьыщынэмыщІауи, районым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм папщІэ сом мелуан 1,5-рэ и уасэ Іэмэпсымэхэр кьащэхуащ.

Іуащхьэмахуэ куейм и сымаджэщхэм я унафэщІхэм я ятІэ ятІэ ираГъэщІ «Къэбэрдей-Балькэр Республикэм зэрыщагъэр хьэмэн ІэнатІэм щекІуэкІыну зэхъуэжкІыныгъэхэр» программэм къахуигъэувэжрэ тэмэму гъэззэщІэныр. Ар 2011-2012 гъэхэм тещІыкІауэ зэхэпхьыкІащ икІи хуэунэтІащ цІыхухэм фІагъ къагъэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыным. Абы къахуигъэув кьалэнхэр ягъэззащІэмэ, республикэм и цІыхухэм медицинэм щІэуэ кІыхьхьэ Іэмэпсымэхэр и къагъэсэбэпкІэрэ, я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэжьыфынущ.

А программэм ипкъ иткІэ, Іуащхьэмахуэ районым узыншагъэр хьумэным и ІэнатІэхэм сом мелуани 10 хуэхьану я мурадщ. Ар трагъэкІуэдэнущ район сымаджэщыр зэгъэпэщыжыкьным.

ТАРИМ Алисэ.

●Щымахуэ теплъэгъуэхэр



Ди кьалэр нэхъ дахэж ящІ ар «зи куэщІ ис» кьурш абрагъуэгъуэ.
Къэзыхар **МАМИЙ Рус ланщ.**

Журналистхэмрэ къулыкъущІэхэмрэ папщІэ

●Лъэпкъ зэпеуэ

2011 гъэм мазаем и 1-м кьыщыщІэдзауэ щыхуэхэм зэрыратагъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ самоуправлением щыщ къулыкъущІэхэмрэ кьыІах «ХьыбарегъащІэ ІэнатІэм щызэдзлэжьэн; КъулыкъущІэхэр - Жылагъуэр - СМИ-хэр» лъэпкъ зэпеуэм хэтыну зэрыхуейм щыхьэт техІуэ лъэІу тхьылъэр.

Зэпеуэм белджылы кьыщынущ жылагъуэмрэ властымрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхьыфІу кьызэзыгъэпэщхэр.

Зэпеуэр зэхуэгъэзащІ щыхуэхэм зэрыратагъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэмрэ нэхъ куу щыІыным, информащІу политикэ зэуІу, зыужьыныгъэм хуэгъэпса Іуэхуэхэр яубзыхуэн папщІэ муниципальнэ кьызэзгъэпэщыныгъэхэм щІэгъэкьуэн яхуэхьуным, щыпІэ СМИ-хэм иджырей Іэмэпсымэхэр нэхъ куэду кьагъэсэбэпныжмкІэ ядэІэпыкъуным.

Зэпеуэр кьызэригъэпэщащ Информащэ политикэм зегъэужьыныжкІэ фондым.

Зэпеуэр езыгъэжкІуэжьым дОлэпыкъу:

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі.э и Советыр - абы ЩыпІэ самоуправлением егъэщыпІа Іуэхуэхэмкі.э и комитетыр, и пресс-Іуэхущ1апІэр.

Муниципальнэ кьызэгъэпэщыныгъэхэм я урысейпсо конгрессыр.

Информащэ и льэныкъуэкІэ и лэжьэгъуэхэр:

«Журналистика и медиарынок» журналыр.

«Муниципальная Россия» журналыр.

Зэпеуэм хэт хьунущ:

Урысейм и газетхэм, телекомпаниеэхэм, радиос танцхэм, интернетсайтхэм я редакцэхэр, унафэщІхэмрэ журналистхэмрэ.

ЩІыпІэ самоуправленэхэм я Іэтащхьэхэр, депутатхэр, я пресс-Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ.

Зэпеуэр мыпхуэдэ лІэужьыныгъэхэу гугъащІ:

СМИ-хэм папщІэ:

«Властымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр»

«Аудиториемрэ папщІэ зэпеуэхэр»

«ЩІынальхэхэм зегъэужьныр»

«Коррупцэм пэщІэт хьыбарегъащІэ лэжьыгъэр зэтеублэнри»

«КъэкІуэнум и теплъэр»

Муниципалитетхэм кьызэгъэпэщыныгъэхэм папщІэ:

«ХьыбарегъащІэ политикэр»

«Зыужьныныгъэм хуэгъэпса Іу зэухэр»

«Іулъхьэм пэщІэт хьыбарегъащІэ лэжьыгъэ зэтеублэнри»

«ЦІыхубэм и Іэтащхьэ»

«ЦІыхубэ депутат»

«Куэдым хэзыщыкІ пресс-секретарь»

ЛъэІу тхылъхэмрэ зэпеуэм кьагъэхьа лэжьыгъэхэмрэ 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 15 пщІондэ кьыІахьнущ. Зэпеуэм кьрикІуэахэр саугъэтхэр щатыжьну зэІуІэм щыжьаІэнущ. А зэІуІэр зэпеуэм щытекІуэахэмрэ зэфыжьм я лэжьыгъэр къэзыІущІэ советым щыщэмрэ хэту Москва, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі.э и Советым и унэм щекІуэкІынущ.

Зэпеуэм уэхэтын папщІэ нэхъ фызыхуеинухэр кьыщыфщІэфынущ ФРИП-м и сайтым: http://www.old.frip.ru/newfrip/cnt/edu/konkurs/pol.

ФщІэупщІэ хьунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ: (495) 510-1776, 8(901) 539-6838, (901) 542-3246, электрон пощтымкІэ info@frip.ru, мыпхуэдэ сайтымкІэ: www.frip.ru.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Пшыхьхэр

Куэд зыхъзэфIэкIа Мэлбахъуэ Елбэрд

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зэрихьэу Налшык дэт Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIащ тхакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд и фэепль пщыхь. Абы щызэхуэсат тхакIуэхэр, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр, и ныбжьэгъуахэмрэ благъэхэмрэ.

БИБЛИОТЕКЭМ и унафэщI **Емуз Анатолэ** зэхыхьэр къыщызэIуихым кIэщIу тепсэлъыхьащ Мэлбахъуэм и гъащIэмрэ и Iуэхущ1афэхэмрэ.

- Зи щIалэгъуэр зауэ нэужь зэманым хиубыда дэ гугъуехь куэд къызэнэкIащ, Iэджэ дгъэващ. Мэлбахъуэмрэ сэрэ зы еджапIэм дыщызэдеджащ, унагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэуи дызэрыгъэныбжьэгъуащ, - жиIащ Емузым. - Ар псэльэгъу гъэщIэгъуэнт, куэдым хищIыкIырт, политикэм, лъэпкъ хабзэм фIыуэ щыгъуазэт. ЦIыху губзыгъэм, пэжым, зэпIэзэрыгъым и хьэлэу, ар зыми епэгэкIыртэкъым, и адэм и къулыкъур и напщIэм телъу. ЦIыху къызэрыгуэкIт, сытым дежи укъыгурыIуэрт, уи Iуэхур къыбдигъэпсынщIэну хущIэкъурт. Илъэс 30-м нэблагъэкIэ пщIэ иIэу ди республикэм и цIыху пажэхэм яхэта пэтми, абы нэхъ мылъкушхуэу къыщIэнар и унагъуэ библиотекэрщ. Абы гупсысэ куу зыщIэлъ къыщIэупщIэ тхыгъэ газетым зэрытетар.

ТхакIуэр фIыкIэ ягу къагъэкIыжу пшыхьым къыщыпсаущ тхакIуэ **Гуртуев Сэлихь,** «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхъэ **Тхъэзэплъ Хьэсэн**, тхакIуэ **Бейтыгъуэн Сэфарбий,** нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм кърихьэлIаxэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ Мэлбахъуэ Елбэрд и тхыльхэмрэ и сурэрэтхэмрэ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Iуэхугъуэ щхьэпэ

ЩIэблэм ящIэн щхьэкIэ

КъБР-м Щалэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкIэ и министерствэм иджыблагъэ щыIэхэтащ Хэку заузщхъуэм хэтахэм я гукъэкIыжхэр къззыгъэлъагъуэ документальнэ фильм гъэхьэзырыным теухуа зэIущIэ. Абы кърихьэлIат республикэм и районхэм щыщ лыкIуэхэмрэ министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ.

МИНИСТЕРСТВЭМ и лэжьакIуэхэ зы Азубэч Азэмэтрэ Iериев Расулрэ дыдэзырагъэгъуэзамкIэ, республикэм и дэтхэнэ зыми ветераным теухуа фильм игъэхьэзыру проектым хухаха сайтым (41-45.su) ирилъхьэ хьунущ. «Ди зэхуэдэ IкIуэ эныгъэ» Урысейпсо программэм ипкъ иткIэ ирагъэжьа «Заузм теухуа уи фильм» япэ кавказпсо щалэгъуалэ Iуэхур яублащ. Ар теухуащ Хэку заузщхуэр зи нэгу щIэкIахэм я гукъэкIыжхэр я лъабжьэу тхуана видеоархив къыззэгъэпэщыным.

Куейхэм я лыкIуэу зэхьэкIэм кърихьэлIаxэм жалащ зауэм хэтау цыху дапщэ я къуажэхэм дэсыжми. Фильмыр зэрырагъэпыкIыжмэ и гуныр ящIащ, дэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэ хьунум тепсэлъыхьащ.

Районым, къуажэ администрацIэхэм къызэрагъэпэщыну я пщэ дальхьа Iуэхур нэхъыбэу зэгъэщIылIау щытынур ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэрщ. Фильмым хагъэхьэнмрэ езы ветераным кыIуэтэжырщ. Москва щыхэлIжьыхьыжу ахэр Урысей Федерацием и къэрал архивым щIалъхьэну аращ.

КIУЭЩIЫСОКЪУЭ Людэ.

Иуан Анатолэ и пщIэ лъагэр

● Хъыбар гуапэ

Ди республикэм и машIкъым лъэпкым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа цыху щэджащэр. Дызэрыгушхуэн зэфIэкI къызыкъуэкI, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуэж дэтхэнэри лъэпкым я къэкIуэнум гурэ псэкIэ хуоладжь. Апхуэдэ щапхъэхэр нэхъыбэхукIэ, щэч хэдъкъым, ахэр гъуазэ зыхуэхъун щIэблэм къаззрыхъуэнум.

ПСОМ хуэмыдэу дызыщыгуфIыкIщ ди цIыхуэхэм я зэфIэкIыр нэгъуэщI хэгъуэгуэхэми къызэрыкъуащIр. Абы и щыхьэтщ мы махуэхэм къытIэрыхьа хъыбар гуапэр. Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУм и профессор Иуан Анатолэ БетIал и къуэм Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ щIэ лъапIэр ягъуфIащащ.

Иуан Анатолэ Аруан куейм хьыхь Старэ Шэрэждж къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэм дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и биологие кьудамэм щеджащ. 1982 гъэм Москва аспирантурэр кьыщIухри, КъБКъУм и медицинэ факультетым лэжьэн щыщIидзащ. Инженеру лэжьэн щIэзыдза щIалэм и зэфIэкIым хигъахьуэрэ егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент хъуащ. И Iэнатlэм гурэ псэкIэ зэрыпэрытыр, и Iэзагъымрэ и щIэныгъэмрэ къалъытэри, 1993 гъэм Иуаныр медицинэ кьудамэм и нормальнэ, патологие физиологиемкIэ и кафедрэм и унафэщIу агъэуващ икIи нобэр кьыздэсым щытхъу пылъу а кьалэныр ирехьэкI.

ЩIэ гуэр къэщIэным, зыпэрыт Iэнатlэм и щхэу псоми щыгъуазэ зэрызищIыным щыт щыгъуэ хущIэкъуу Анатолэ 2002 гъэм Кубаным и медицинэ академиемкIэ щыпхигъэкIащ и доктор диссертацIэр. Биологие щIэныгъэхэм я доктор Иуаныр РАЕН-м и член-корреспондентщ. Ар Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и медицинэ академиям, Адыгей къэрал университетым диссертацIэхэр щыпхагъэкI я советхэми хэтщ.

Иджыблагъэ ди хэкуэгъуэм кьыхуагъэфэща щIэ лъапIэр кьыпэкIуащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм Iэщlагъэлl нэсхэр яхуэгъэхьэзырыныкIэ иIэ фIыщIэм, щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ иригъэкIуэкIхэм.

Жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэтщ Иуан Анатолэ. Апхуэдэу ар 2006 - 2009 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ икIи щIыхуэхэм ягу кьыхэзгринэжьым лэжьыгъэфI куэд зэфIигъэкIащ.

Гъунэгъу щIыналъэм Иуаным къыщыхуащIа пщIэм щыгуфIыкIар абы и благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я закъуэкъым, атIэ республикIэ псор абы ирогушхуэ. КъэхутэныгъэщIэхэр зи плъапIэ щIэныгъэлIым дохъуэхъу иджыри Iуэхуфl куэд зэфIэхьыну. Апхуэдэуи илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур нобэ егъэлъапIэрэ, узынщагъэ быдэ иIэу, гулъытэ щымыщIэу, и екъулIэныгъэхэм кьыхэхъуэу псэуну ди гуапэщ.

щхьэщэмыщI Изэ.

● Спорт

Зы махуэм - текIуэныгъитI

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2011-2012 гъэхэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэ эм Ыркум зыщыщу зэзгъэхьэзыр «Спартак-Налшык» вэсэмахуэ зэнэбжьэгъуэ зэIущIтI ягъэ дивизионым щыщ командэхэм яригъэкIуэкIащ.

МАЗАЕМ и 7-м и пщэдджыжьым «Спартак-Налшыкым» и етIуанэ гупыр Белгород и «Салют»-м дэджэгуащ. Налшык гупым щыщу губгъуэм кьыхьащ Криворучкэ, Леандру, Шэрийр, Куликовыр, Лукьянчиковыр, Балэр, Маляровыр, Гриднеевыр, Джатэгъэжьыр, Портнягиныр, Салугиныр.

Джэгум и кIыхьагъэкIэ налшыкдэсхэр нэхъ жыджэращ икIи Кьэзан и «Рубин»-м бэджэнду кьыдита Портнягиным дигъэкIа топитIым я фIыгъэкIэ, 2:0-у текIуащ. ЗэIущIэм хьарзынэу зыкьыщагъэльэгъуащ Новгород Ищхьэрэрэ Дон Iус Ростоврэ кьрашыжа ди щIалэщIэхэу Джатэгъэжь Иналрэ Шэрий Астемыррэ.

Нэхъ пщыхьэщхьэхуэкIуэу «Спартак-Налшыкым» и гуп нэхъыщхьэр дэджэгуащ нэгъабэ ягъэ дивизионым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм еханэ зэрыпIэр кьыщIэхьа Саранск и «Мордовие»-м. Ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Ещтрэч Владимир кьыззэрыджIамкIэ, мы зэIущIэм абы хигъэтащ мыгъэрей зэпеэжьм фIыкIэ зыныгъэм и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа, Афганистан зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур, езыхъэм яфIэфIу Абхьазым щыIэуахэм я зэгухьэныгъэм хэтI Шорэ Анзор сымэ зэхьэзэхуэм кьрихьэлIаxэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ, екъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрагъэхьэну ехъуэхьащ.

Ильэс 15-17 ныбжьым итхэм я деж текIуэныгъэр кьыщахьащ Тхьэгъэпсо Албэч, Мокаев Аскэрбий, Ульбашев Руслан, Бейтыгъэн Залым, Къуэныкъуей Ислъам, Мерзант Мурат, Тенджызэ Артур сымэ, Балигъэм я де Къудей Залым, Къуэныкъуейхэ Азэмэтрэ Ашэмэзэрэ, Тхьэлl Адмир сымэ псоми efIэкIащ.

Теникиэ и лъэныкъуэкIэ Къудей Залым нэхъыфIу кьалъытащ. Зэман кIэщI дыдэм я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъэщIащ Хьэгъэжей Хьэмидрэ Тхьэлl Адмиррэ. Абыхэм яящщ дэтхэнэми саугъэт щкьэхуэ хуагъэфэщащ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албэч.

ЩIыуэпс теплъэгъуэхэр.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

НэхъыфIхэр ягъэнаIуэ

Армэ IэпщэрыбаанэмкIэ етхуанэ республикэ зэхьэзэхуэ «Налшык» спорт комплексым щэбэт кIуам щекIуэкIащ. БэнакIуи 150-м щIигъу зыхэта фэепль зэпеуэр кьызэрагъэпэщащ Афганистан заузм хэтахэм я зэгухьэныгъэм. КъБР-м С портымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм, Армэ Iэпщэрыбаанэ спортымкIэ федерацIэм.

КЬЫХЭДГЪЭЩЫНЩI, хабзэ хьуауэ ирагъэкIуэкI а зэхьэзэхуэм иджы япэу кьрихьэлIащ Мамхэрэ Хьэчим зи унафэщI Iэпщэрыбаанэ бэнэкIамкIэ федерацIэм и спортсменхэр, апхуэдэуи ашихарагъэратэмкIэ тренер Сэбаныш Мурат и гъэсэнитI.

Заузм, лэжьыгъэм, Iэщlэкl Зэщlэуэзда Къарухэм, хабзэхьуэ Iэнатlэхэм я машинэхэр и чэзум кьащIыгъэнырщ, абы щыгъуэми цIыхухэр кьызэрращэкIхэм, шынагъуэ зыпылъ хьэлъэхэр зэрагъэIэпхъуэхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ. Гъуэгум зэрыщызекIуэм я нэIэ зэрытрагъэтым и мызакъуэу, хуэзат автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм ДПС-м и стационар постхэм деж тхьылъхэр кьыщащIыгъэкI, къэрал техникэ кIэлъыплъныгъэм зэрыпхъыкIамкIэ талонхэми еплъынущ, ар щыгъэфIагъэкIа, и пIалъэр щиух зэманыр «Ятха транспорт» АИПС-м кьыщыгъэльэгъуам техуэмэ зрагъэщIэнущ.

ХЬУРАН Яиз.

● ГАИ-м къет

Къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI

Гъуэгум щынагъэнэфIкIэ зэращыхъ къззыщIикIэ хъунущ щыкъуасныгъэхэр зиIэ транспорт къамыгъэсэбэпын, къэрал къэпщытэныгъэм пхымыкIаxэр кьхутэн и лъэныкъуэкIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и нэIэм щту «Техникэ кIэлъыплъыщыгъэ» лэжьыгъэр республикэм щокIуэкI.

А IуэхугъуэР нэхъыбэу зытеухуар автотранспорт Iуэхущ1анэхэм я машинэхэр и чэзум кьащIыгэнырщ, абы щыгъуэми цIыхухэр кьызэрращэкIхэм, шынагъуэ зыпылъ хьэлъэхэр зэрагъэIэпхъуэхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ. Гъуэгум зэрыщызекIуэм я нэIэ зэрытрагъэтым и мызакъуэу, хуэзат автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм ДПС-м и стационар постхэм деж тхьылъхэр кьыщащIыгъэкI, къэрал техникэ кIэлъыплъныгъэм зэрыпхъыкIамкIэ талонхэми еплъынущ, ар щыгъэфIагъэкIа, и пIалъэр щиух зэманыр «Ятха транспорт» АИПС-м кьыщыгъэльэгъуам техуэмэ зрагъэщIэнущ.

ХЬУРАН Яиз.

Хабзэхъумэхэм аргуэру хэщIыныгъэ ягъуэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящIынхьуэ 2011 гъэм мазаем и 7-м Налшык къалэ Щолжэным и щIэр зезыхьэ и уэрамым сыхьэт 19-м деж КъБР-м щыIэ МВД-мрэ УФСБ-мрэ я лъжьакIуэхэр зэщIыгъуэу щыплъырым хабзэхъумэхэм Iэщlкl къатеуа бзаджащIхэр.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl Iэнатlэм 2003 гъэм фокIадэм и 8-м лэжьэн щыщIидзащ, иджырей кьулыкъум 2010 гъэм гъатхэпIэм и 20-м пэрыуащ.

Унагъуэщ, сабий цIыкIуитI иIэщ.

Мазаем и 8-м Ныр Азэмэт Бахьсэн кьалэм щыщIалъхьащ.

ХэкIуэдам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгугъэващ КъБР-мщыIэ МВД-м, абы и IэнатIэхэм, УВД-МОВД-ОВД-хэм я унафэщIхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэнан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1анIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортым, пэмыжьмэкIэ - 42-22-88; етъуэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм юсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыкьмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ягъэщащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Текlужь Зарет, корректорхэу Щолжэн Инэ *(1, 4-нэ нап.),* Пхытlыкl Юрэ *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэмыкъуэгъу* Цалий Марьят. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр яригащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Гъукlэл Рае, *суратхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 9.238 ●Заказ №334

Нэм щIагъаткIуэр афиным хуэдэу къагъэсэбэп

Щыхур нэхъ гъур, и нэхэм ямылъагъу, и щыфэр гъуэжь мэхъу, и быр къупщхьэм къыкIэрокI..... Нэм щIагъаткIуэ «Тропикамид» хущхьэр и лъынтхуэм мастэкIэ хэзыгъэхьэу щIэзыдзахэр апхуэдэ щынагъуэм хуокIуэ. Нэм щIагъаткIуэу куэдым кьагъэсэбэп а хущхьэр иужь зэманым «аптекэм щащ narkotik» хьуащ.

РЕСПУБЛИКЭ Наркологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Пашевкин Олег кьызэрыджИамкIэ, 2010 гъэм республикэм щыхэхьащ «Тропикамид»-р афиян папщIэу щыIэзыхьэлIэхэм я бжьыгъэм. Ар зэхьэлIэн щIэзыдзар псынщIэ дыдэу абы йосэ икIи илъэсым кьурибудэу йолIыкI.

А псоми егупсысыркъым, дауи, псынщIэу ахъшэ кьэзылэжьыну хуей аптекэ лэжьакIуэхэу щIыхуищэхэм я гъащIэр зэтезыкъутэхэр. «Ахэри наркотикхэмкIэ сату зыщIхэм, псалъэм папщIэ, Iущхь жэпкъым кьыхаха афиян зыщIхэм, яхуэдэщ икIи нэхъыбэу дэзыльэхьыр кьахэхъуэ мылъкурщ, ахэр егупсысыркъым «апхуэдэ щэхуакIуэхэм» езыхэм я сабийхэр кьахэхъунум», - жаIэ наркополицейхэм.

УФ-м Наркотикхэм якIэлъыплъныкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1анIэу КъБР-м щыIэм кьызэрихутамкIэ, 2010 гъэм «Тропикамид» хущхьэу ящам хуэди 10-кIэ хэхъуащ. Иджыпсту ар щыбгъуэтынущ дэтхэнэ аптекэми, узыуэйм хуэдиз кьащтэ. Ауэ щыхъукIэ, ар рецептыншэу кьуащэн хуейкъым. А хабзэр кьызэпызыудэм жэуап егъэхьыпхъащ, я лицензэхэр кьыщыIахьыжи щыIэу.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ кьызэрагъэпэща, министерствэ, ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхьыхь гупым хущхьэщ1анIэхэр кьепщытэ. А лэжьыгъэм зэкIэ кьрикIуэхэм якъ иткIэ аптекэ зыбжанэм ятеуха тхылъхэр Налшык къалэ прокуратурэм агъэхьащ.

Наркотикхэм якIэлъыплъныкIэ Iуэхущ1анIэу КъБР-м щыIэм республикэм и Парламентым къулыкъ зэхьащ нэм щIагъаткIуэ «Тропикамид» хущхьэр ящэныр пIалъэкIэ кьызэтрагъэувыIэну. Апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм зыхуигъэзэнущ а хущхьэр лIэужьыгъуэхэр акъылыр зыгъэутхъуэхэм хагъэхьэн папщIэ. Хьэпщытэныгъэхэм Налшык и мызакъуэу, республикэм и кьалэхэмрэ куейхэмрэ къызэщIиубыдэнущ.

НаркоцIэхэущIапIэм и лэжьакIуэхэм аптекэхэм я унафэщIхэм чэнджэщ ирагъэкIуэн хущхьэхэр рецептыншэу ямыщIну. Псалъэм къыдэкIуэу, цIыхухэм ягу кьыдогъэкIыж Управлениэм дзыхь зрагъэз и телефонхэр жэщ-махуэ я мыIэу зэрылажьэр: **8-800-100-70-77** (Урысейм и сыт хуэдэ щIыпIэми укъыпсэлъыкI хьунущ пщIэ щIымыту), **8-(8662) 492-105**, апхуэдэуи Iуэхущ1анIэм и **07.fskn.gov.ru** сайтыр кьэбгъэсэбэп хьунущ. Письмохэр евгъэхь мы щущIапIэм: **360000, Налшык къалэ, Пушкиным и щIэр зезыхьэ уэрам, 99.**

СУАНОВЭ Залинэ.